

Kuzivisa Tichishandisa Zvinobudisa Nhau

Vachadzidza nezvezvinhu zvakasiyana-siyana zvinobudisa nhau uye kuti zvingashandiswa sei pakuzivisa ruzhinji imwe nyaya.

Kushandisa Zvinobudisa Nhau Pakuchinja Zvinhu

Chikamu Chekutanga

Udza Vadzidzi Vako

Zvinobudisa nhau zvakanaka chaizvo pakupanana mazano nevamwe. Vazhinji vanofarira chaizvo kushandisa mavhidhiyo nemifananidzo pakuudza vamwe zvavanoda. Semuenzaniso, HolaSoyGerman anoshandisa YouTube kuudza vanhu pasi rese nyaya dzinosetsa uye Malala Yousafzai anoshandisa Twitter pakumiririra kodzero dzevanhukadzi nevechiduku.

Dzimwe nguva, vamwe vechiduku vanoshandisa mavhidhiyo nemifananidzo kuti vatsutsumwe nezvemamwe matambudziko. Semuenzaniso, Amandla Stenberg ndewechiduku anoita zvekupekita uye kuratidzira achitsutsumwa akabudisa vhidhiyo muna 2015 nezvevanhu vatema uye rusaruro pazvidzidzo zvenhoroondo. Paakabusisa vhidhiyo iyi, akaratidza kuti akanga achimirira kodzero dzevamwe uye akazivisa ruzhinji nezvedambudziko rinomunetsa zvakanyanya. Vamwe vanhu vanosarudza kushandisa zvinhu zvakadai seTV, wairesi, kana mapepanhau kuti vaudze vamwe pfungwa dzavo.

Pasikirini iri mberi kwekamuri, ratidza vhidhiyo ichangobva kubuda inoenderana nezvinoitika munharaunda yako / yevadzidzi kuti ubudise pachena mashandisirwo angaitwa zvinobudisa nhau pakuzivisa ruzhinji uye kutsutsumwa nezverimwe dambudziko.

Udza Vadzidzi Vako

Zvinhu zvinobudisa nhau zvese hazvo zvinoshandiswa sematurusi ane simba ekuchinja zvinhu, kuitira kuti zvatinoda zviitike. Pachikamu chinotevera, muchaongorora pfungwa iyi muudzamu mogadzira mashoko uye kuaparadzira pazvinobudisa nhau zvakasiyana-siyana, kuti ruzhinji ruzive.

Basa Rekuita

Chikamu Chekutanga

Udza Vadzidzi Vako

Shandisa chero zvinotevera (vhidhiyo yepaYouTube, zvakaiswa paFacebook, mufananidzo) zvingashandisika uye zvingabatsira pakuparadzira mashoko nezvenyaya yaunoda. Une maminiti 15 ekuti uwane chekushandisa chacho. Zvadaro, mumwe nemumwe acharatidza boka zvaawana otaura kuti sei achifunga kuti zvingashandisika.

Mutambo Wekirasi

Ipa vadzidzi maminiti 15 ekuti vawane chekushandisa kubva pazvinobudisa nhau chavanofunga kuti chingaparadzira mashoko avanoda zvakanaka. Zvadaro, shandisa maminiti 15 wobvunza mumwe nemumwe kuti atsanangure / aratidze kuti boka, otaura kuti sei achifunga kuti zvingashandisika.

Chikamu chechipiri chebasa rekuita iri chinogona kuitwa nechikwata chino kana kuti chinotevera, zvichienderana nenguva yakapiwa yacho.

Chikamu Chechipiri

Udza Vadzidzi Vako

Iye zvino tapedza kukurukura nezvechinhu chatingashandisa pakuzivisa ruzhinji, yava nguva yekuti mugadzire mashoko enyu maererano nenyaya yamunoda kuzivisa vamwe. Mumaminiti 20 anotevera, funga nezvedambudziko rakakosha kwauri wonyora pfungwa dzako nezvechinhu chinobudisa nhau chaungashandisa pakuzivisa nezvenyaya iyi. Unogona kusanganisira zvinhu zvinotevera:

1. Mashoko akanyorwa edambudziko racho uye kuti nemhaka yei vanhu vachifanira kuita chimwe chinhu nezvazvo.
2. Mufananidzo kana pikicha wokuratidza dambudziko racho uye zvingaitwa nevamwe pakubatsira.
3. Vhidhiyo yekuzivisa ruzhinji nezvedambudziko kwava kukumbira kuti vaite chimwe chinhu.

Kuwedzera pane izvi, nyorawo zvinotevera:

1. Nzira chero mbiri hadzo dzaungashandisa pakuzivisa ruzhinji nezvedambudziko racho.

Mutambo Wekirasi

Ipa vadzidzi maminiti 20 okunyora pasi pfungwa dzavo. Zvadaro, ita kuti vadzidzi vaudze boka rose zvavanyora. Kurukurai kwemaminiti 15.